# AQIMBET BAQSI MEKTEBI

**Bazarbaeva Ramuza**
*Ózbekstan mámleketlik kórkem-óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı "Folklor hám etnografiya" kafedrası "baqsıshılıq hám dástanshılıq" tálim baǵdarı studenti*

**Annotaciya:** *Bul maqalada qaraqalpaq baqsıshılıq mektepleri, usı mekteplerden jetilisip shıqqan shákirtlerdiń baqsıshılıq mekteleriniń rawajlanıwına qosqan úlesi, baqsıshılıq mektebin kúshli atqarıwshı, onı rawajlandırıwshı Muwsa baqsı hám Súew baqsınıń atqarıw jolları haqqında sóz etiledi.*

**Gilt sózler:** *baqsı, kórkem óner, dástan, shejire, sazende.*

**Аннотация**: *В этой статье рассказывается о каракалпакских школах бахши, вкладе учеников, вышедших из этих школ, в развитие школ бахши, а также об исполнительских путях Мусы бахши и Суёва бахши, которые были сильными исполнителями и развивателями школы бахши.*

**Ключевие слова**: *бахши, искусство, эпос, генеалогия, музыкант.*

**Abstract:** *This article discusses the Karakalpak bakhshi schools, the contributions of students who graduated from these schools to the development of bakhshi schools, and the performance paths of Musa bakhshi and Suyov bakhshi, who were strong performers and developers of the bakhshi school.*

**Key words:** *bakhshi, art, epic, genealogy, musician.*

Qaraqalpaq baqsıları arasında jas áwladtan shákirt shıǵarıw, ustazlıq etiw dástúrin, Aqımbet baqsı joqarǵı basqıshqa kótergen delinedi. Sonıń ushında Aqımbettıń qaraqalpaq baqsılarınıń eń iri wákili, ustazdan shákirt shıǵarıw mektebiniń baslawshılarınıń biri retinde tanıymız. Ol XIX - ásirdiń ortalarında ómir súrgen qaraqalpaqtıń ataqlı baqsısı bolıp pútkil Xorezmge (ózbek, túrkmenler, qazaqlar arasında) dańqı jayılǵan.

Ol talantlı jaslardı orayǵa jiynap, ózgeshe baqsıshılıq mektebin shólkemlestirdi. Ótken ásirden baslap tap usı búginge shekem sonıń jolına aytıp júrgen baqsılar sol mektepten órbigen. Mekteptiń tiykarǵi baǵıtı qaraqalpaq xalq muzıkasınıń barlıq ózgesheliklerin tolıq saqlay otırıp, olardı kópshiliktiń kewline qonımlı etip, jańa motivler menen rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan.

Aqımbettıń súyikli shákirtlerinen eń kórneklisi Muwsa bolıp, ol tek ǵana baqsı bolıp ǵana qalmay, talantlı dóretiwshilik xızmeti menen de kózge túsedi. Muwsa ustazınıń barlıq baqsıshılıq hám dóretiwshilik sheberligin úyrenip alıp, Aqımbet baslaǵan mektep dóretpelerine ózgerisler kirgizip, diapazonın keńeytti, kóp ǵana xalıq namaların qayta isleydi hám bir qansha jańa namalar dóretedi.

Qaraqalpaqlardıń baqsı namaları tuwralı sóz bolǵanda olardıń bayıwına qońsı xalıqlardıń tiygizgen járdemin ayta ketiw orınlı boladı. Súyew baqsınıń namaların ózlestirip, baqsıshılıq usılın qaraqalpaq ishinde dawam etiwshi Muwsa baqsı, Esjan baqsılar boladı. Edenbay baqsınıń da namaların dawam ettiriwshi shákirtleri bolǵan. Házirgi qaraqalpaq namalarınıń ishindegi «Qońırat» naması dep atalıp júrgen nama burınǵı

arallı ózbekler repertuarınan bizge shekem jetip kelgen. Qaraqalpaq baqsıları burın tek ózi duwtar shertip, qosıq aytatuǵın bolǵan. Al sońın ala qońsı xalıqlardıń tásirinde qaraqalpaq baqsıları qasına balamanshı, girjekshi ertken, olardıń balamanshıları ózbek, girjekshileri túrkmen bolǵan. Mine usınday qarım - qatnasıqlar arqalı qaraqalpaqlarda saz shertiw óneri rawajlanıp kelgen.

Óziniń talantı menen pútkil Xorezm oypatına dańqı jayılǵan ataqlı Súyew baqsı túrkmenlerdiń eń ataqlı baqsısı bolǵan. Xorezmde jasaǵan ol ózge xalıqlardıń da belgili baqsısı bolıp tanılǵan. Súyew baqsı qaraqalpaqlar arasına kóp kelip baqsıshılıq etken hám qaraqalpaqlarda úlken toylarda Súyew baqsını shaqırtıp ayttırıw dástúrge aylanǵan. Súyew baqsı qaraqalpaqtıń ataqlı baqsısı Muwsa baqsı menen jaqın qarım - qatnasta bolǵan hám zamanlası bolǵan. Ekewi birgelesip kóplegen toy merekelerde birge qosıqlardı atqarǵan, biri - birin júdá sıylaǵan, óz ara repertuarlar almasıp turǵan.

Qaraqalpaq muzıka kórkem - óneri tarawında baqsıshılıq óneri ózleriniń atqarıwshılıq jollarına qaray bir qansha mekteplerge bólinedi. Filologiya ilimleriniń doktorları N.Dawqaraev, Q.Ayımbetovlar baqsıshılıq mektebin Muwsa hám Súyew mektebi dep ekige bóledi. Bıraqta sońǵı ekspediciya dáwirindegi baqlawlarǵa qaraǵanda, baqsıshılıq keńirek etip  tórt toparǵa bóliwge tuwra keledi. Bular, Aqımbet, Ǵáripniyaz, Arzı, hám Qutım mektepleri bolıp, hár qaysısı ózleriniń ayrıqsha aytıw jolına, mektebine iye. Olar ózleri dúzgen usı mekteplerinen shákirtler tayarlaǵan, soǵan ılayıq namalar dóretken. Biraq sonıda aytıp ótiw kerek, bular baslaǵan mektep tekte usılardan baslanıp, olardan burın bul joldan heshkim júrmegen degen pikir tuwılmaslıǵı kerek. Olardan burında birneshe baqsılar bul jolǵa aytıp kelgen.

Qaraqalpaqlar menen ózbek xalqı kóp ásirlerden berli táǵdirles bolǵan. Arallı ózbek baqsıları Ámiwdáryanıń ayaǵında jaylasqan hám «arallı» dep atalǵan. Arallı ózbek baqsılarınıń ustazı Súyew baqsı desedi. Olar Xorezm ózbekleri menen qarım-qatnasta bolıp, repertuar almasıp otırǵan.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYAT:

1. Моянов Ы.Ж. «Қорақалпоқ халқ мусиқаси асосида ўқувчи-ёшлар маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантиришнинг хусусиятлари» пед. фан. (PhD) диссертация Тошкент 2019. 153 б.

2. Erejepov.A.A. «Baqsı hám jırawshılıq tiykarları». Nókis. «Miraziz Nukus», 2020.

3. Айымбетов Қ. «Халық даналығы», Нөкис - 1968.